

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Sastra mangrupa jenis tulisan anu miboga harti atawa kaéndahan. Sastra ngandung ide kreatif manusa ngagunakeun média basa boh lisan atawa tulisan. Sacara etimologis, kecap sastra asalna tina basa Sangsekerta; *sas* jeung *tra*. *Sas* téh akar kecap dina kecap *rundayan* nu hartina: ngarahkeun; ngajarkeun; ngawulangkeun; méré pituduh atawa paréntah; intruksi. *Tra* mangrupa kecap ahiran nu nuduhkeun alat; pakakas; sarana (*device*). Upama di hijikeun, sastra miboga harti pakakas pikeun miwulang; buku pituduh; buku intruksi atawa buku pangajaran (Isnendes, 2010, kc. 1).

Dumasar wangunna, karya sastra kabagi jadi tilu rupa, nyaéta prosa, puisi, jeung drama. Prosa nyaéta karya sastra anu basana teu kauger ku aturan. Prosa disusun dina kalimah nu ngaruntuy nepi ka ngawangun carita. Éta karya sastra teu kauger ku lobana baris jeung engang (Darmawati, 2018, kc. 2). Karya sastra anu kaasup kana jenis prosa nyaéta dongéng, hikayat, carita pondok, jeung novél. Puisi nyaéta wanda basa karangan nu rakitanana biasana pinuh ku wirahma, kauger ku wangunna jeung diksina; lain dina ungkara kalimah cara dina basa sapopoé atawa cara wangun prosa (Iskandarwassid, 2019, kc. 174). Drama nyaéta karangan sastra nu midangkeun carita atawa lalakon dina wangun dialog, ajangkeuneun dilakonkeun ku aktor di pagelaran drama (Isnendes, 2010, kc. 75).

Salasahiji karya sastra heubeul wangun prosa anu masih sumebar di masarakat nyaéta dongéng. Nurutkeun Ardini (2015, kc. 47) dongéng nyaéta carita fiksi boh dina wangun tulisan atawa oral nu geus aya ti jaman baheula. Dongéng ditepikeun sacara turun tumurun. Carita dina dongéng biasana nyaritakeun masarakat, sajarah, fénoména alam, jeung perjuangan.

Ragam carita rahayat dipikaresep ku barudak jeung masarakat, sabab miboga karakteristik carita nu bébas, kadang teu asup akal, sarta sok diselapan unsur magis. Ajén-ajén luhur dina eusi dongéng loba dipercaya ku masarakat. Aya dongéng dina sababaraha versi, tampilan, boh pikeun barudak ngora nepi ka kolot. Antologina ogé aya rupa-rupa (Toha-Sarumpaet, 2010, kc. 23). Carita dongéng biasana miboga

sababaraha versi, ieu hal dilantarankeun tina prosés sumebarna nu sacara lisan téa. Sanajan kitu, unggal versi tina dongéng pasti miboga amanat atawa pesen anu bisa jadi pieunteungeun pikeun kahirupan. Di jaman kiwari, loba dongéng anu didokuméntasikeun kana wangun buku, drama, jeung film. Malah mah ayeuna loba pangarang anu nyieun dongéng sorangan.

Aya sababaraha jenis dongéng, nyaéta: carita lucu (carita nu pikaseurieun), mite (carita nu aya patalina jeung kapercayaan goib), fabél (carita anu tokoh-tokohna sasatoan), parabél (carita pikeun ngadidik budak ngeunaan kasusilaan jeung kaagamaan), sasakala (carita ngeunaan asal-usul tempat), jeung saga (carita heubeul anu ngandung unsur sajarah, kapahlawanan, jeung kasaktian) (Darmawati, 2018, kc. 3-4).

Tokoh nu aya dina dongéng ilaharna miboga karakter anu has sakumaha manusa. Nurutkeun Mustafa (2011, kc. 144), aya dua tiori nu bisa ngajelaskeun paripolah manusa, nyaéta (1) paripolah manusa bisa aya tina katurunan dina wangun insting-insting biologis, (2) paripolah manusa bisa dihasilkeun tina pangalaman salila hirup. Kapribadian unggal tokoh dina dongéng ogé bisa dipangaruhan ku sipat bawaan jeung kaayaan lingkungan. Pasipatan para tokoh bakal mangaruhan ogé kana prosés interaksi sosialna jeung tokoh-tokoh nu séjenna.

Aspék kajiwaan nu dipiboga ku tokoh dina karya sastra bisa ditalungtik ngagunakeun pamarekan psikologi. Sedengkeun prosés interaksi antartokoh bisa ditalungtik ngagunakeun pamarekan sosiologi. Élmun anu sacara husus ngaguar ngeunaan kaayaan psikologis hiji jalma sarta patalina jeung interaksi sosial disebut psikologi sosial.

Psikologi sosial nyaéta élmu anu ngaguar ngeunaan cara manusa mikir, mangaruhan, sarta ngalakukeun interaksi jeung batur (Myers, 2012a, kc. 4). Psikologi sosial nyaéta pangaweruh ngeunaan pangalaman jeung paripolah individu dina hubunganna jeung individu séjén, kelompok, jeung kabudayaan. Pamarekan psikologi sosial bisa dipaké pikeun nalungtik karya sastra, lantaran karya sastra mangrupa gambaran tina kahirupan manusa. Kisah-kisah nu aya dina karya sastra bisa dijadikeun pieunteungeun pikeun kahirupan manusa.

Dongéng *Nyi Kalimar Bulan* mangrupa dongéng Sunda anu didokuméntasikeun kana wangun buku ku Usep Romli. Ieu buku dongéng mimiti medal taun 1982 ku

Rahmat Cijulang, citakan kadua taun 2008 ku Cupumanik, terus dicitak deui ku Kiblat Buku Utama taun 2017. Dina ieu buku dongéng, aya lima bagian carita anu ngaruntuy, nyaéta (1) Lembu Wulung, (2) Nu sasab, (3) Kaolo, (4) Di Pilemburan, jeung (5) Dihin Pinasti. Dongéng *Nyi Kalimar Bulan* nyaritakeun ngeunaan hubungan hiji budak anu kairut ku pangajak jalma licik, anu antukna jadi nganyerikeun haté indung sarta ngadatangkeun mamala ka éta budak jeung jalma licikna.

Pangajaran maca dongéng diajarkeun di SMP kelas VII semester 2 kalawan Kompetensi Dasar 3.5 *ngaindéntifikasi struktur, fungsi sosial, aspék kabiasaan, jeung nilai-nilai kahirupan nu nyampak dina dongéng*. Tina ayana pangajaran dongéng di kelas VII SMP, geus écés yén siswa diperedih apal kana dongéng di tatar Sunda ngaliwatan maca sarta bisa ngadongéngkeun deui kalawan merenah.

Tujuan ieu panalungtikan nyaéta mikanyaho struktur dongéng *Nyi Kalimar Bulan* anu museur kana unsur intrinsikna. Tuluy mikanyaho aspék psikologi sosial nu nyampak dina dongéng ngagunakeun pamarekan ti David G. Myers. Sabada dianalisis struktur jeung aspék psikologi sosialna, ieu panalungtikan bakal dijadikeun bahan pangajaran maca dongéng di kelas VII SMP. Dipiharep siswa wanoh kana dongéng di tatar Sunda, sarta bisa ngajénan hal positif dina dongéng nu aya patalina jeung psikologi sosial pikeun kahirupan sapopoé.

Aya sababaraha panalugtikan dina wangun skripsi anu ngaguar ngeunaan analisis struktural dongéng jeung psikologi sosial dina karya sastra nu kungsi dilakukeun saméméhna, di antarana “Kumpulan Dongéng Sasakala Talaga Warna pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP: Tilikan Struktural, Pendidikan Karakter, jeung Sawangan Hirup Urang Sunda” ku Evi Rahmawati, Prodi Pendidikan Bahasa Sunda UPI (2014), “Analisis Psikologis Sosial Tokoh Utama dalam Novel Napas Mayat Karya Bagus Dwi Hananto” ku Ririeh Yusmarani, Prodi Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia UMM (2017), jeung “Kajian Psikologi Sosial Novel Elang Karya Kirana Kejora” ku Sofiatul Ainayah, Prodi Sastra Indonesia Unej (2012).

Sanajan panalungtikan ngeunaan dongéng jeung psikologi sosial dina karya sastra kungsi dilakukeun saméméhna, tapi can kungsi aya panalungtikan nu sacara husus ngaguar ngeunaan psikologi sosial dina dongéng *Nyi Kalimar Bulan*. Ku kituna ieu panalungtikan anu judulna “Dongéng *Nyi Kalimar Bulan* pikeun Bahan

Pangajaran Maca Dongéng di SMP (Ulikan Struktural jeung Psikologi Sosial)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Ieu panalungtikan medar ngeunaan unsur intrinsik dina dongéng *Nyi Kalimar Bulan* nu disusun ku Usep Romli, dibarung ku medar ajén psikologi sosialna. Ieu dongéng ogé bakal dipatalikeun jadi bahan pangajaran maca dongéng di kelas VII SMP.

Idéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Struktur carita dina dongéng *Nyi Kalimar Bulan*;
- 2) Aspék psikologi sosial nu nyampak dina dongéng *Nyi Kalimar Bulan*;
- 3) Larapna dongéng *Nyi Kalimar Bulan* pikeun bahan pangajaran maca dongéng di kelas VII SMP.

1.2.2. Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan anu geus ditétélakeun, masalah-masalah nu baris dipedar dina ieu panalungtikan dirumuskeun kana wangun kalimah pananya ieu di handap:

- 1) Kumaha struktur carita dina dongéng *Nyi Kalimar Bulan*?
- 2) Kumaha aspék psikologi sosial nu nyampak dina dongéng *Nyi Kalimar Bulan*?
- 3) Kumaha larapna dongéng *Nyi Kalimar Bulan* pikeun bahan pangajaran maca dongéng di kelas VII SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga dua tujuan nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan pikeun ngamekarkeun kajian dina widang sastra, utamana ngeunaan struktural nu fokus kana unsur intrinsik sarta aspék psikologi sosial nu nyampak dina dongéng *Nyi Kalimar Bulan*.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan ngadéskripsikeun:

- 1) Struktur carita dina dongéng *Nyi Kalimar Bulan*;
- 2) Aspék psikologi sosial nu nyampak dina dongéng *Nyi Kalimar Bulan*;
- 3) Larapna dongéng *Nyi Kalimar Bulan* pikeun bahan pangajaran maca dongéng di SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis, mangpaat kawijakan, mangpaat praktis, jeung mangpaat isu sarta aksi sosial.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis ieu panalungtikan nyaéta pikeun kamekaran élmu sastra. Dipiharep tina ieu panalungtikan bisa nambahan élmu pangaweruh dina widang sastra, utamana ulikan karya sastra ngagunakeun pamarekan struktural jeung psikologi sosial dina dongéng.

1.4.2 Mangpaat Kawijakan

Mangpaat kawijakan dina ieu panalungtikan nyaéta méré arahan kawijakan pikeun kamekaran atikan di SMP dina pangajaran maca dongéng nu éféktif ngagunakeun bahan pangajaran dongéng *Nyi Kalimar Bulan*.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) pikeun panyusun, dipiharep bisa méré élmu pangaweuh anyar yén karya sastra dongéng bisa dipaluruh unsur strukturna, sarta bisa ditalungtik ngagunakeun pamarekan psikologi sosial.
- 2) pikeun pamaca, dipiharep bisa méré pangaweuh ngeunaan struktur jeung aspék psikologi sosial nu nyampak dina dongéng *Nyi Kalimar Bulan*.
- 3) pikeun guru, dipiharep ieu hasil panalungtikan bisa dipaké pikeun bahan pangajaran maca dongéng di kelas VII SMP.

1.4.4 Mangpaat Isu sarta Aksi Sosial

Mangpaat isu sarta aksi sosial dina ieu panalungtikan nyaéta méré pangaweruh ka pamaca jeung guru ngeunaan dongéng *Nyi Kalimar Bulan* pikeun bahan pangajaran maca dongéng di kelas VII SMP, nepi ka bisa jadi alternatif bahan pangajaran maca dongéng di sakola.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab, sakumaha ieu di handap.

Bab I Bubuka. Eusina ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu kabagi jadi dua nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu kabagi jadi opat nyaéta mangpaat tioritis, mangpaat kawijakan, mangpaat praktis, jeung mangpaat isu sarta aksi sosial, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulukan Tiori. Eusina ngeunaan tiori-tiori nu dipaké dina ieu panalungtikan anu ngawengku dongéng, strukturalisme, psikologi sosial, jeung pangajaran maca dongéng di SMP.

Bab III Méthode Panalungtikan. Eusina ngeunaan méthode panalungtikan nu dipasing-pasing deui jadi data jeung sumber data, desain panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik nganalisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Eusina ngeunaan hasil jeung pedaran tina hasil panalungtikan, hasil ngolah jeung nganalisis data nu aya patalina jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, sarta tiori-tiori nu aya dina bab II.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi. Eusina ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun, implikasi jeung rékoméndasi pikeun pamaca, sarta harepan panalungtik pikeun kamajuan panalungtikan satuluyna.